

MON PAYS, HAÏTI : PEYI M, AYITI
(Odette R. FOMBRUN)

version créole : vèsyon kreyòl
Emmanuel W. Védrine
© 1994, 2010

[Index](#) : [Endèks](#)

Paul et Jean sont aux Etats-Unis avec leurs parents. Paul ak Jean ap viv Etazini avèk Paran yo.

-- Papa et maman, dit Paul, parlent souvent de notre famille. Ils disent que grand-père Dodo est né au Cap, la ville la plus importante du nord d'Haïti e sa grand-mère Fanie, à Jérémie, une ville très importante du sud du pays. Ils se sont rencontrés à Port-au-Prince, la capitale d'Haïti. Ils parlent souvent de nos oncles et tantes, de leurs parents et grands-parents. Cela me fait plaisir d'apprendre l'histoire de notre famille.

-- Papa ak maman, Paul di, pale souvan de fanmi nou. Yo di granpè Dodo fèt Okap, vil enpòtan ki sitiye nan nò Ayiti e granmè li Fanie, fèt Jeremi, yon vil trè enpòtan nan sid peyi a. Yo te rankontre Pòtoprens, kapital Ayiti. Yo pale souvan de monnonk avèk matant nou yo, de paran e gran paran yo. Sa fè mwen plezi pou aprann istwa fanmi nou.

-- Chez nous, dit Jean, grand-père parle surtout de notre pays. Il me raconte souvent l'*histoire d'Haïti*. Il m'explique pourquoi nous sommes des Haïtiens et les marchands, les paysans, les ouvriers que j'ai vu l'an dernier sont eux aussi des Haïtiens.

-- Lakay nou, Jean di, grandpè pale sitou de peyi nou. Li rakonte m istwa Ayiti souvan. Li esplike m poukisa nou se Ayisyen e machann yo, peyizan, ouvriye mwen wè ane pase, yo menm tou se Ayisyen yo ye.

L'histoire d'Haïti, me dit-il est l'histoire de toute les familles qui ont habité Haïti depuis que ce pays existe.

Li di m Istwa Ayiti se istwa tout fanmi yo ki te abite Ayiti depi peyi sa a egziste.

-- Cela me semble fort intéressant. Dis-moi donc un peu ce qu'il t'a dit d'Haïti.

-- Sa sanble l enterese m anpil. Di m non yon ti kras sou sa li di ou de Ayiti.

-- Avec plaisir!

-- Avèk plezi!

Il y a de cela fort longtemps, quand il n'y avait ni avion, ni bateau à moteur; qu'on voyageait sur de grands bateaux à voiles, les Français, les Anglais, les Espagnols ne connaissaient pas l'Amérique; ils ne

Sa gen lontan, lè pa t gen ni avyon, ni bato a motè; moun te konn vwayaje sou gwo bato a vwal, Fransè, Anglè, Espayòl yo pa t konnen Amerik; yo pa t konnen Ayiti.

connaissaient pas Haïti.

En ce temps là, l'île d'Haïti n'était pas divisée comme elle l'est aujourd'hui. La République Dominicaine n'existait pas.

C'est un Italien appelé Christophe Colomb qui a échoué sur l'île d'Haïti en 1492. Il était venu avec des Espagnols, sur trois grands voiliers: «*la Pinta, la Niña, et la Santa María*».

-- Qu'a-t-il trouvé dans l'île d'Haïti?

-- Il y a rencontré des habitants qui n'étaient pas du tout comme nous. C'étaient des Indiens à peau rouge, avec de long cheveux. Grand-père m'a dit des choses très intéressantes des princes et des princesses indiens et de leurs rois qu'on appelait les *caciques*. L'histoire de l'intelligente reine *Anacaona*, par exemple, est fort triste. Anacaona composait de jolies poésies qu'elle disait en dansant. Un jour qu'elle assistait, avec d'autres Indiens de son royaume, à une fête donnée en son honneur par les Espagnols, des soldats s'emparèrent d'Anacaona et de ses sujets. Ils les massacrèrent sans pitié.

-- C'est vraiment très triste! s'exclame Jean indigné. Ce sont martyrs!

-- Oui, et les caciques Caonabo et Henri qui ont lutté pour défendre la liberté et les droits des Indiens sont aussi des martyrs. Grand-père affirme que, depuis la découverte de l'île, il y a eu des Haïtiens à lutter pour la liberté.

-- Que sont devenus ces Indiens? demande Paul. J'en ai rencontré aux Etats-Unis, mais jamais en Haïti.

-- Hélas! Ils sont morts tant ils ont été maltraités.

Nan epòk sa a, il Ayiti pa t divize jan l ye jodiya. Repiblik Dominikèn pa t egziste.

Se yon Italyen ki rele Christophe Colomb ki ateri (pa aksidan) sou il Ayiti an 1492. Li te vini avèk Espayòl yo, sou twa vwalye: «*la Pinta, la Niña, et la Santa María*».

-- Kisa li te jwenn nan il Ayiti?

-- Li te rankontre moun ki pa t tankou nou. Se Endyen po wouj yo te ye, cheve yo te long. Grandpè m di m bagay ki trè enteresan de prens ak prensès endyen ak wa yo ki te rele *kasik*. Istwa rèn entelijan Anakawona, pa egzanp, tris anpil. Anakawona te konn konpoze bèl pwezi li te konn di pandan l ap danse. Yon jou pandan l t ap asiste, avèk lòt Endyen wayòm li, yon fèt Espayòl yo te fè pou onore l, sòlda poze lapat sou Anakawona ak tout lòt endyen ki te akonpaye l. Yo masakre yo; yo te san pitye pou yo.

-- Sa reyèlman tris! Jean di ak endiyasyon. Se mati yo ye!

-- Wi, e kasik Kawonabo ak Anri ki te lite pou defann libète ak dwa Endyen yo, se mati yo ye tou. Grandpè m afime ke, depi dekouvèt il la te gen Ayisyen ki t ap lite pou libète.

-- Kisa Endyen sa yo devni? Paul mande. Mwen rankontre kèk Etazini, men jamè an Ayiti.

-- Elas! Yo mouri, tèlman yo te maltrete yo.

-- N'ont-ils rien laissé d'intéressant?

-- On a retrouvé des objets qu'ils utilisaient pour cultiver la terre; pour faire du feu; pour cuisiner. L'été dernier, à Port-au-Prince, grand-mère me les a fait voir dans le Musée National où on les conserve précieusement. Dans ce musée, j'ai rencontré des étrangers que notre histoire intéresse.

-- Je demanderai à maman de m'y conduire aussi puisque nous retournons en Haïti dans deux mois.

-- Quand les Français sont venus en Haïti, ils ont changé le nom de l'île. Ils l'ont appelée *Saint-Domingue* et, pour remplacer les Indiens, ils ont transporté à Saint-Domingue des Africains qui ont été obligés de travailler comme esclaves.

Les enfants et les petits enfants de ces Africains étant nés en Haïti, Haïti était devenue leur pays. Haïti était aussi devenue leur pays parce que c'est grâce à leur travail dans les usines et les plantations que Saint-Domingue produisait beaucoup de sucre, de café.

Mais, les Haïtiens étaient malheureux – même ceux auxquels on accordait la liberté – car, ils ne pouvaient pas jouir pleinement de cette liberté.

Fatigués de souffrir, ils se réunirent dans une grande forêt, le *Bois Caiman*. Là, il firent le serment de se battre pour la liberté.

-- C'est formidable! s'écrie Paul enthousiasmé. Se sont-ils vraiment battus? Ont-ils obtenu cette liberté?

-- Ah! Oui! Les Haïtiens esclaves et les

-- Yo pa kite anyen enteresan?

-- Yo jwenn objè yo te konn itilize pou kiltive latè; pou fè dife; pou kwit manje. Ete pase, nan Pòtoprens, granmè te fè m wè yo nan Mize Nasyonal kote yo konsève objè presye sa yo. Nan mize sa a, mwen rankontre etranje ki enterese nan istwa nou.

-- Mwen va mande manman m pou mennen m la tou piske n ap retounen Ayiti nan de mwa.

-- Lè Fransè yo vin Ayiti, yo te chanje non il la. Yo te rele l *Sendomeng* e, pou ranplase Endyen yo, yo te transpòte vin yo Sendomeng Afriken yo te fòse vin travay kòm esklav.

Timoun ak pitit Afriken sa yo fèt Ayiti; Ayiti te tounen peyi yo. Ayiti te vin tounen peyi yo paske se gras a travay yo nan izin e nan plantasyon yo ke Sendomeng pwodui anpil sik ak kafe.

Men Ayisyen yo pa t gen chans – menm sa yo ke yo te bay libète – paske yo pa t kapab jwi agogo libète sa a.

Fatige souffri, yo te reyini nan yon gran fore ki rele *Bwa Kayiman*. Se la yo te sèmante pou goumen pou libète.

-- Bèl bagay! Paul di ak kè kontan. Yo te goumen tout bon? Èske yo te jwenn libète sa a?

-- A, wi! Esklav ayisyen yo avèk Ayisyen

Haïtiens libérés qu'on appelait *affranchis* ne voulant plus obéir aux Français, ont combattu ensemble pour la liberté. Parce qu'ils étaient unis, ils ont gagné cette guerre contre les Français. Ils ont redonné au pays libéré son nom d'*Haïti*. L'indépendance a été proclamée le 1^{er} janvier 1804.

-- Oh! Je comprends, dit Jean, pourquoi on dit que le 1^{er} janvier est la fête de l'indépendance d'*Haïti*. Mais, dis-moi, les Haïtiens n'avaient-ils pas peur de voir les Français revenir les attaquer?

-- Certe, oui! Aussi, ils avaient construit de nombreux forts. Le fort le plus grand, le plus imposant est situé dans le nord du pays, dans les mornes élevés qui dominent la ville du Cap. On appelle ce fort: *La Citadelle Laferrière*.

-- C'est donc de ce fort que les touristes parlent avec tant d'enthousiasme. Qui donc l'avait construit?

-- Un des héros de la guerre de l'indépendance: le roi *Henri Christophe*. Les 4 plus grands généraux, héros de cette guerre de l'indépendance, s'appelaient: *Toussaint Louverture*, *Dessalines*, *Christophe* et *Pétion*.

Même les étrangers disent que Toussaint Louverture était un génie. C'est lui qui avait eu l'idée de l'indépendance. Aussi, les Français ayant eu peur de son génie, l'ont fait prisonnier avant la guerre. Ils l'ont enfermé dans un fort en France. Le *Fort-de-Joux*, où il est mort après avoir beaucoup souffert.

-- Qui donc a dirigé la guerre contre les Français?

-- Dessalines a été le grand général de la

libère yo te rele *afranchi* pa t vle kontinye obeyi Fransè; yo te goumen ansanm pou libète. Paske yo te ini, yo te gen lagè kont Fransè yo. Yo te rebay peyi libère a non *Ayiti*. Endepandans te pwoklame premye janvye 1804.

-- O! Mwen konprann, Jean di, poukisa yo di *premye janvye se fèt endepandans Ayiti*. Men, di mwen, Ayisyen yo pa t pè wè Fransè yo tounen vin atake yo?

-- Wi, se sa! Yo te kontstwi anpil fò tou. Fò ki pi gran an, sa k domine plis la, sitiye nan nò peyi a, anwo nan tèt mòn ki domine vil Okap. Yo rele fò sa a «*La Citadelle Laferrière*» (Sitadèl).

-- Se de fò sa a touris pale ak anpil jwa. Kilès ki te konstwi l'?

-- Youn nan ewo lagè endepandans: wa *Henri Christophe*. Kat pi gran jeneral yo, ewo lagè endepandans, te rele: *Toussaint Louverture*, *Dessalines*, *Christophe* ak *Pétion*.

Menm etranje di ke Toussaint Louverture te yon jeni. Se li ki vin ak ide endepandans lan. Fransè yo te pè jeni l tou; yo te fè l prizonye avan lagè a. Yo te fèmen li nan yon fò an Frans. «*Fort-de-Joux*», kote li te mouri apre l te soufri anpil.

-- Donk, kilès ki te dirije lagè kont Fransè yo?

-- Dessalines te gran jeneral lagè

guerre de l'indépendance. Il s'était heureusement unis aux généraux Pétion et Christophe. Ayant remporté la victoire grâce à cette union, notre devise nationale est devenue: «L'union fait la force».

Dessalines a été le premier chef de l'Etat libre d'Haïti. Ils s'était proclamé empereur sous le nom de «Jacques I» (Premier). Il a été assassiné à l'entrée de Port-au-Prince, au Pont-Rouge.

-- N'y a-t-il pas eu d'autres héros?

-- Beaucoup d'autres, telque *Capois la Mort* qui avait eu un courage formidable. Pour s'emparer de la ville du Cap, il fallait passer sur le pont que les Français bombardaient sans arrêt. Capois s'y engage le premier en s'écriant «En avant! Les boulets sont de la poussière». Son cheval tombe éventré. Pour montrer son admiration pour un tel courage, le général français fait arrêter les bombardements. Il félicite Capois et lui offre un nouveau cheval. Puis, le combat recommence.

-- Ces histoires sont vraiment passionnantes, dit Paul.

-- Grand-père a promis de me raconter ce qui est arrivé après l'indépendance.

-- Je vais demander à mes parents de m'acheter un livre d'histoire d'Haïti.

-- Je ne comprends pas, dit brusquement Jean, tes parents ne te parlent donc jamais d'Haïti?

-- Oh, oui! mais pas de son histoire. Ils disent que le pays est très beau. Ils disent qu'il y a beaucoup d'endroits à visiter, que le folklore est très intéressant. C'est pourquoi ils pensent y retourner et c'est pourquoi il y a beaucoup de touristes à y aller. Ces

endependans lan. Li te kontan ini ak jeneral Pétion e Christophe. Apre yo pote laviktwa gras a inyon sa a, deviz nasyonal nou vin «L'union fait la force» (Inyon fè lafòs).

Dessalines te premye chef eta lib Ayiti. Li te pwoklame anpwè sou non «Jacques I» (Premier). Yo te asasine l sou Pont-Rouge alantran Pòtoprens.

-- Pa t gen lòt ewo?

-- Te gen anpil lòt, kouwè *Capois la Mort* ki te gen yon kouraj estraòdinè. Pou te pran vil Okap, fò ou ta pase sou pon Fransè yo t ap bonbade san rete a. Capois pran desizyon pase an premye lè l kriyen «Annavan! Boulèt se pousyè!». Cheval li tonbe evantre. Pou te montre admirasyon li pou yon tèl kouraj, jeneral fransè a fè estope bonbadman yo. Li felisite Capois epi l ofri li yon lòt cheval. Batay la rekòmanse atò.

-- Istwa sa yo reyèlman reveye lespri, Paul di.

-- Granpè te pwomèt pou rakonte m sa k rive aprè endependans.

-- Mwen pral mande paran mwen achte yon liv istwa Ayiti pou mwen.

-- Mwen pa konprann, Jean di briskeman, paran ou pa janm pale ou de Ayiti?

-- O, wi! men pa istwa l. Yo di peyi a bèl anpil. Yo di gen anpil kote pou vizite, fòklò a trè enteresan. Se pou sa yo panse retounen e se pou sa gen anpil touris ki pral la. Touris sa yo vizite Mize Nasyonal menm jan ak ou, galri dar, espozisyon

- touristes visitent comme toi le Musée National, les galeries d'art, les expositions de peintures; les peintures colorées des artistes haïtiens attirent beaucoup leur attention.
- Ils vont aussi dans les marchés. J'en ai vu l'an dernier qui achetaient des paniers, des sculptures et de larges chapeaux de paille.
- Qu'ils utilisent pour se protéger du soleil.
- Surtout quand ils vont à la plage. Ils aiment tant se baigner à la mer.
- Ne les as-tu jamais vus danser dans les bals «en bas tonnelle»?
- Non! mais, j'en ai vu dans une «gaguerre». Ils assistaient avec beaucoup de plaisir à un combat de coqs.
- En somme, dit la mère de Jean en s'approchant, vous venez de parler d'Haïti, votre pays et de son intéressante histoire.
- penti; penti kolore atis ayisyen yo atire atansyon yo anpil.
- Y ale nan mache yo tou. Mwen te wè kèk ane pase ki t ap achte panye, eskilpti avèk gwo chapo an pay.
- Ke yo itilize pou pwoteje yo kont solèy.
- Sitou lè yo pral nan plaj. Yo renmen benyen anpil nan lamè.
- Ou pa janm wè yo ap danse nan bal anba tonèl?
- Non! men, genyen mwen wè nan yon gagè. Yo anmize yo anpil nan gade kòk k ap voye zepon.
- Ansòm, manman Jean di pandan l ap pwoche, ou sot pale de Ayiti, peyi ou avèk istwa l ki enteresan.

Questions & Comprehension

1. A l'arrivée de Christophe Colomb, qui habitaient l'île d'Haïti?
2. A-t-on retrouvé des objets qu'utilisaient les Indiens?
3. Comment appelait-on les esclaves libérés?
4. Comment appelait-on les rois indiens?
5. Comment appelle-t-on les quatre plus grands héros de la Guerre de l'Indépendance?
6. Comment étaient les Indiens?
7. Comment les Français appelaient-ils Haïti?
8. Connaissez-vous des noms de caciques?
9. D'où sont venus les esclaves?
10. De quoi parlent les parents de Paul?
11. En quelle année Christophe Colomb a-t-il échoué en Haïti?
12. Les esclaves ont-ils été seuls à combattre

Kesyon & Konpreyansyon

1. Lè Christophe Colomb te rive, kilès ki t ap viv nan il Ayiti?
2. Èske yo te jwenn objè Endyen yo te konn itilize?
3. Kòman yo te rele esklav lib yo?
4. Kòman yo te rele wa endyen yo?
5. Kòman yo te rele kat pi gran ewo Lagè Endependans lan?
7. Kòman Fransè yo te rele Ayiti?
8. Èske ou konnen kèk kasik?
9. Kibò esklav yo te soti?
10. De kisa paran Paul ap pale?
11. Nan ki ane Christophe Colomb te debake Ayiti (pa aksidan)?
12. Èske esklav yo te pou kont yo pou te konbat Fransè yo?

les Français?

13. Où est la la Citadelle Laferrière? Qui a construit ce fort?
14. Où se trouve la ville de Jérémie?
15. Où se trouve la ville du Cap-Haïtien?
16. Pourquoi beaucoup de tourists viennent-ils en Haiti?
17. Pourquoi Haiti est-elle devenue le pays de ces Africains?
18. Pourquoi les Français ont-ils arrêté Toussaint Louverture?
19. Pourquoi les Haïtiens ont-ils pu gagner la guerre contre les Français?
20. Pourquoi utilisaient-on les esclaves?
21. Qu'est devenu Dessalines après l'indépendance? Quel titre a-t-il?
22. Qu'ont-ils fait de Toussaint?
23. Quand a été proclamé l'indépendance d'Haiti?
24. Que composait la reine Anacaona?
25. Que raconte-t-on dans l'histoire d'Haiti? (l'histoire de qui?)
26. Quelle est la devise d'Haïti?
27. Quels étrangers ont remplacé les Espagnols en Haiti?
28. Qui a massacré la reine Anacaona et ses sujets?
29. Qui a remplacé Toussaint? Qui a été le grand general de la Guerre de l'Indépendance?
30. Qui avait e l'idée de l'indépendance?
31. Qui et quand le pays a-t-il repris son nom indien d'Haïti?
32. Toussaint était-il très intelligent?

13. Kibò Citadelle Laferrière ye? Kilès kit e konstwi fò sa a?
14. Ki kote vil Jeremi sitiye?
15. Ki kote vil Kap Ayisyen sitiye?
16. Poukisa anpil touris vin Ayiti?
17. Poukisa Ayiti tounen peyi Afriken sa yo?
18. Poukisa Fransè yo te arete Toussaint Louverture?
19. Poukisa Ayisyen yo te ka genyen lagè kont Fransè yo?
20. Poukisa yo te konn itilize esklav yo?
21. Kisa Dessalines te devni aprè endepandans? Ki tit li te genyen?
22. Kisa yo te fè ak Toussaint?
23. Kilè yo te pwoklame endepandans Ayiti?
24. Kisa rèn Anacaona te konn konpoze?
25. Kisa yo rakonte nan istwa Ayiti? (istwa kilès?)
26. Ki deviz Ayiti?
27. Ki etranje kit e ranplase Espayòl ki te an Ayiti yo?
28. Kilès ki te masakre rèn Anacaona avèk sijè l yo?
29. Kilès ki te ranplase Toussaint? Kilès kit e gran jeneral Lagè Endepandans lan?
30. Kilès kit e gen ide endepandans lan?
31. Kilès e ki lè peyi a te rebran non endyen l, Ayiti?
32. Èske Toussaint te trè entelijan?

*Note: La version française a été republiée dans *Materyèl Edikatif pou Bileng Ayisyen* (par Emmanuel W. Védrine), pp.36-44, 1994. Haitian Creole version: Emmanuel W. Védrine (June 2010). | The French version has been republished in *Materyèl Edikatif pou Bileng Ayisyen* (by Emmanuel W. Védrine), pp.36-44, 1994.